

ISTWA ARCH CREEK


Arch Creek Park gen yon istwa rich. Gras a resous natirèl abondan nan zòn lan ak pwoksimite li avèk Biscayne Bay, se pa yon sipriz ke yon ansyen tribi Endijèn Ameriken ke yo te konnen sou non Tequesta te rele l lakay yo. An 1975, akeyològ te dekovouri yon depotwa kokiya jnan pak la ki gen potri akzouti po lanbi.

Yo te di ke pon kalkè natirèl oriijinal la sou Arch Creek se te youn nan pi gran mèvèy natirèl nan Sid Florid. Se te yon eskal pou charyo ak dili jans, se te tou yon plas rasableman popilè pou rasableman kominotè. Pandan lagè Seminole yo, pon an te yon pati nan sante militè, lè li bay pasaj pou twoup militè yo. An 1858, pyonye yo te bati yon moulen nan pon natirèl la pou moulen rasin *coontie* pou fè lanmidon. Li te vin fè pati premye wout konte a an 1892, ki pita te vin Dixie Highway. Pon an te tonbe an 1973, li posib ke se te akòz ewozyon ak vyeyès. Yo te konstwi yon replik an 1986.

Nan kòmansman 19yèm syèk, Arch Creek te vin tounen yon vil ki gen ladan yo yon depo tren, yon biwo lapòs, yon lekòl, yon legliz, estasyònman enteryè ak magazen. Kominote a te sitou yon kominote agrikòl, kote yo kiltive tomat, chadèk, ak anana. Nan kòmansman ane 1970 yo, yo te eseye fè pwopriyete a vin yon lokal machin izaje. Aprè lobi entans, sitwayen konsène yo te konven Eta Florid pou achte tè a an 1973.

Sitwayen sa yo te fòme Arch Creek Trust an 1981. Konte Miami-Dade lwe tè a epi li te konstwi mize a, pandan ke *Youth Conservation Corps* (Y.C.C.) te konstwi sante natirèl. Pak la te louvri ofisyèlman nan mwa avril 1982. Depatman Pak, Rekreyasyon ak Espas Ouvè Konte Miami-Dade - inite Miami EcoAdventures, ansam ak Arch Creek Trust ap travay kounye a pou retabli, sipòte, ak prezèv pak la.


▼ Atizana ak zouti kokiya jnan



▲ Oto ki ap pran direksyon nò sou pon natirèl Arch Creek la



Santye twopikal amak an bwa, ovan ki gen gwo dansite ak ti pyebwa ak pye rezen nan nivo ba atè a ak arebò eksteryè yo



miamidade.gov/parks

Depatman Deta, Divizyon Resous Istorik ak Eta Florid
patwone yon pati nan pwojè sa a.

MAP LEGEND

- Wout
- Chemendfè
- Chemen Pwomnad nan Lanati
- Teren ki difisil
- Paking
- Antre ppou Pyeton ak Bisiklèt
- Patrimwàn Istorik Eta a
- Siyalizasyon/Pano entèpretasyon

Eskane kòd QR la pou jwenn tiliv kat la.

▲ Atizana ak karapas Kayiman



Pèp endijèn nan Florid tankou AIS, Apalachee, Calusa, Creek, Miccosukee, Seminole, Tequesta, Timucua, ak Yemassee. Zansèt gwoup sa yo se te Premye Moun Florid. Entèrakson yo avèk kolon Ewopeyen yo ak moun ki ap viv an Florid te fè kolonizatè sa yo te touye yo, esklavaj, oswa retire yo nan peyi natif natal yo. Nan tan nou ye la a, Endijèn Ameriken nan Sid Florid gen ladan Seminole ak Miccosukee. Seminole, ki moun ki jere rezèv pak la kòm espas lachas yo, yo te te kapab fose deplase kite tè sa a anba Lwa sou Deplasman Endijèn 1830 la. Pak la vle rekonèt ak onore kominote endijèn rejon sa a epi rekonèt ke Miami ak pak la okipe peyi ak resous endijèn yo. Nou venere moun sa yo ak gwoup yo, zansèt yo ak desandan yo, kòm moun ki pran swen tè sa a nan pase, prezan, ak lavni.



Ouap antre nan yon zòn natirèl konsève ak ke Pwogram DERM's Environmentally Endangered Lands (EEL) ap jere. An 1990, votè yo te kreye Program EEL la pou jwenn, retabli, ak jere zòn natirèl yo nan yon efò pou konsève abita endijèn andemik Konte a ki ap diminye pou plezi jenerasyon aktyèl yo ak pwochen jenerasyon yo.



FLORIDA DEPARTMENT OF STATE
DIVISION OF
Historical Resources

MIAMI-DADE
COUNTY



Biscayne Boulevard